

Pwogram Kredi ak Resèt
Hallmark Health System

Lis Sijè yo

I. ENTWODIKSYON	3
II. BAY SÈVIS SWEN SANTE	3
A. Prensip Jeneral	3
B. Sèvis Emèjènsi ak Sèvis Dijans	4
C. Sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa ljan	4
D. Andwa Kote Pasyan ka Jwenn Sèvis	4
III. CHÈCHE E VERIFYE ENFÒMASYON PASYAN AN.....	4
A. Sèvis Emèjènsi ak Sèvis Dijans	5
B. Sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa ljan	5
IV. DETÈMINE RESPONSABILITE FINANSYÈ PASYAN AN.....	5
A. Prensip Jeneral	5
B. Prepare yon Estimasyon	5
C. Pasyan ki gen Asirans	6
D. Pasyan ki pa gen Asirans (“Self Pay”)	6
V. KONT PASYAN AK SÈVIS KONSÈY SOU FINANS.....	7
A. Enfòmasyon Jeneral	7
B. Pibliye Sèvis Konsèy sou Finans	7
C. Rezidans	7
D. Asistans Finansyè Lopital la, Rabè, Charity Care	7
E. Konsiderasyon Espesyal pou Sèten Demann	7
VI. PWOGRAM ETA – REZIDAN MASSACHUSETTS.....	8
A. Pwosis pou Fè Demann – Tout Pwogram Eta Sof Difilite Medikal.....	8
B. Pwosis pou Fè Demann – HSN - Difilite Medikal	8
C. Apwobasyon pou Pwogram Eta yo	8
D. Efè yon Demann HSN/MassHealth ki Ann Atant.....	8
E. Fè Apèl Desizyon.....	8
F. HSN – Kalifikasyon kòm Pasyan Revni Fèb epi Kiyès ki Enkli	9
VII. MOUN KI PA REZIDAN MASSACHUSETTS.....	11
A. Rezidan Etazini ki pa Rezidan Massachusetts	11
B. Pasyan Entènasyonal	11
VIII. ARANJMAN PEMAN	11

Pwogram Kredi ak Resèt Hallmark Health

A.	Enfòmasyon Jeneral	11
B.	Fòm Peman.....	11
C.	Lajan Lòt Peyi.....	11
D.	Plan Peman.....	11
E.	Depo	12
IX.	FAKTIRE PASYAN EPI FÈ RESÈT.....	12
A.	Prensip Jeneral	12
B.	Fason Lopital la Faktire, sa gen ladan l Fakti Pasyan, Lèt, ak Apèl Telefonik.....	12
C.	Avi Tarif Anplis.....	14
D.	Sityasyon Resèt Espesyal.....	14
E.	Konsiderasyon Espesyal Anrapò ak Fason yo Jere Kont.....	14
X.	PLASMAN NAN MOVE DÈT	15
A.	Transfere yon Kont nan Move Dèt	15
B.	Ajans Resèt.....	15
C.	Aksyon Resèt ki Estrawòdinè (ECA).....	15
XI.	LAJAN ANPLIS AK RANBOUSMAN	15
XII.	EVÈNMAN GRAV (SERIOUS REPORTABLE EVENTS, SRE)	15
XIII.	KONFÒMITE AK LWA SOU TRANSFÈ ASIRANS SANTE AK RESPONSABLITE (HEALTH INSURANCE PORTABILITY AND ACCOUNTABILITY ACT, HIPAA).....	16
XIV.	DWA AK RESPONSABLITE PASYAN YO	16
XV.	PIBLIYE PWOGRAM KREDI AK RESÈT LA.....	16
XVI.	APWOBASYON KONSÈY LA	16

I. ENTWODIKSYON

Pwogram Kredi ak Resèt sa a konsène Hallmark Health; souvan nou rele yo "Lopital" la atravè dokiman sa a. Hallmark Health konpoze de Melrose-Wakefield Hospital, yon lopital ki bay tout sèvis ki pa la pou fè pwofi, ki sitye 585 Lebanon Street, Melrose, MA 02176, epitou Lawrence Memorial Hospital, yon lopital ki bay tout sèvis, ki sitye 170 Governors Avenue, Medford, MA 02155. Hallmark Health se yon òganizasyon k ap pran devan nan bay tout kalite moun swen ki medikalman nesèsè yo, kèlkeswa kapasite moun nan genyen pou l peye pou swen an. Hallmark Health bay tout pasyan ki vin nan Lopital yo swen sa a, 24 sou 24, 7 sou 7, 365 sou 365.

Lè l ap bay yon moun sèvis, Hallmark Health pa fè patipri poutèt ras li, koulè l, kote l soti, sitwayènte l, stati l, relijyon l, kwayans li, sèks li, oryantasyon seksyèl li, sèks li santi l genyen, laj li, andikap li, lefètke l pran dwòg, stati l nan sosyete a oubyen akoz sityasyon ekonomik li, lefètke li pa gen asirans, oswa aparans fizik li. Lopital la suiv menm prensip sa a lè l ap kreye e aplike pwogram anrapò ak fason l chèche e verifye enfòmasyon finansyè, anrapò ak depo pou moun fè anvan yo admi oswa anvan yo jwenn yon tretman, anrapò ak plan peman, anrapò ak voye yon sèvis oswa admisyon pou pita, anrapò ak chwazi ki pasyan ki klase kòm pasyan revni fèb, epi anrapò ak fason yo faktire moun epi fè resèt.

Pwogram Kredi ak Resèt sa a gen kòm objektif prezève resous Lopital la e pèmèt li kontinye gen mwayen pou l fonksyone, men anmenm pou l fè ekilib anrapò ak bezwen kominote a ak bezwen pasyan nou sèvi yo. Pwogram sa a detaye prensip jeneral Lopital la yo anrapò ak chèche e verifye enfòmasyon finansyè, anrapò ak ki jan nou klase pasyan yo selon mwayen yo, epi anrapò ak fason nou fè resèt nan men konpayi asirans, pasyan, moun ki bay garanti pou yo, ak lòt moun ki responsab peye pou sèvis swen sante. Politik Lopital la se pou l toujou aji ann amoni ak lwa eta yo ak lwa federal yo lè y ap fè jan de bagay nou sot site yo, epi li toujou mete politik li ajou lè lwa yo chanje detanzantan.

Nou atann pasyan ki gen mwayen yo peye pou sèvis Hallmark Health ba yo. Pwogram sa a atann tou pasyan ki ka jwenn asirans selon mwayen yo fè sa, e yo kenbe l ajou. Sizoka yon pasyan pa kapab peye, lè sa apwopriye, Lopital la ede yo chèche asistans finansyè nan men pwogram gouvènmantral ak lòt sous pou yo ka jwenn sèvis ki medikalman nesèsè. Pou l kapab kontinye mache byen pandan l ap akonpli misyon l, Hallmark Health dwe ranpli devwa li genyen pou l, yon fason ki apwopriye, faktire pasyan pou sèvis li te ba yo epi fè resèt lajan sa yo. Yo te fè Pwogram Kredi ak Resèt sa a ann amoni ak lwa ki aplikab yo, ki gen ladan yo, pami lòt: (1) Règ Eta a sou Kalifye pou Health Safety Net (101 C.M.R. § 613.00); (2) 111 M.G.L. § 228; (3) Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid ("CMS") Egzijans Move Dèt Medicare yo (42 C.F.R. § 413.89); epi (4) Seksyon 501(r) nan Internal Revenue Code la.

Konsèy Administrasyon an te deziyen Direktè Finans Lopital la kòm moun ki responsab pou l asire Biwo Health Safety Net la gen yon kopi elektwonik ki ajou nan dosye yo ansanm ak dokiman ki pou sounti l epi apendis yo.

Pwogram sa a se pou sèvis Lopital la bay e faktire nan andwa yo site nan [Apendis A](#)- Andwa Hallmark Health yo, Antite k ap Patisipe. Pwogram sa a pa pou sèvis antite yo bay e faktire, antite ki nan [Apendis B](#)- Lis Founisè Asosye ak Hallmark Health, Antite ki pap Patisipe, menm nan ka kote yo rann sèvis sa yo anndan andwa Lopital la yo ki nan [Apendis A](#) a.

II. BAY SÈVIS SWEN SANTE

A. Prensip Jeneral

Tout pasyan ki vin nan Lopital la pou tretman san yo pa t gen yon randevou, y ap evalye yo parapò ak klasman ki nan seksyon sa a. Si yo bezwen yon Sèvis Emèjènsi oswa yon Sèvis Dijans (nou defini yo nan [Seksyon II\(B\)](#) pi ba a), yo pap refize yo swen oswa mete swen an pou pita lefètke yo pa ka idantifye pasyan an, idantifye si yo gen asirans, oswa idantifye si yo ka peye. Sepandan, si pasyan an bezwen Sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa ljan (nou defini l nan [Seksyon II\(C\)](#) pi ba a), yo gendwa kanpe sou sèvis la nan ka kote Lopital la pa ka detèmine kiyès k ap ka peye pou sèvis la, e y ap fè sa sou baz yon antretyen yo fè avèk medsen k ap trete pasyan an.

Se yon pwofesyonèl medikal ki pral detèmine ijans tretman an selon senptom li genyen yo, ann amoni ak prensip lokal, prensip eta, ak prensip federal yo konsènan swen, epi ann amoni ak prensip ak pwosedi pèsònèl medikal Lopital la. Li enpòtan pou n note nou klase kondisyon medikal pasyan yo senpleman pou jesyon Lopital la, e yo itilize yo pou klase nan ki lòd Lopital la dwe wè pasyan selon senptom yo genyen yo. Klasman sa yo pa pou evalye kondisyon medikal pasyan an pou fè l konnen sa l genyen.

B. Sèvis Emèjènsi ak Sèvis Dijans

"*Sèvis Emèjènsi*" yo pale nan dokiman sa a gen ladan l: Sèvis ki medikalman nesèsè yo bay poutèt yon kondisyon medikal, kit li fizik, kit li mantal, ki gen senptom ki ase grav, san wete gwo doulè, kote nenpòt moun òdinè ki pridan ki gen yon konesans mwayèn sou lasante ak lamedsin kapab atann ke san yon entèvansyon medikal rapid, sa kapab mete sante moun nan oubyen sante yon lòt moun an gwo danje, sa kapab fè l pèdi yon fonksyon nan kò l oubyen yon ògàn nan kò l oubyen yon lòt pati nan kò l. Oubyen tou, anrapò ak yon fanm ansent, yo defini l plis nan 42 U.S.C. § 1395dd(e)(1)(B). Yon egzamen medikal e nenpòt tretman pou stabilize yon moun ki gen yon kondisyon medikal ki ijan, san wete swen yo bay pasyan ki etène yo, ak nenpòt lòt sèvis yo bay selon egzijans ki nan EMTALA a (42 U.S.C. § 1395(dd)), sa yo kalifye kòm Sèvis Emèjènsi.

"*Sèvis Dians*" yo pale nan dokiman sa a gen ladan l: Sèvis ki medikalman nesèsè yo bay poutèt yon kondisyon medikal, kit li fizik, kit li mantal, ki gen senptom ki ase grav (san wete gwo doulè), kote yon moun òdinè ki pridan ta kapab kwè si moun nan pa jwenn asistans medikal anvan 24 èdtan fin pase, rezonableman sa ta kapab mete sante pasyan an an danje, sa ta ka fè l pèdi yon fonksyon nan kò l oubyen yon ògàn oubyen yon lòt pati nan kò l. Sèvis dijans se pou kondisyon ki pa menase vi moun e ki pa mete sante yo an gwo danje.

Egzijans Nivo EMTALA yo: Ann amoni ak Lwa Federal sou Travay e Tretman Medikal Dijans lan (Emergency Medical treatment and Labor Act, EMTALA), Lopital la oblije fè egzamen pou tout moun ki vin nan Depatman Emèjènsi Lopital la oswa nan andwa Lopital la k ap mande swen pou yon kondisyon medikal, yon fason pou idantifye si toutbonvre moun nan gen yon kondisyon medikal ki ijan. Si medsen an oubyen yon lòt pèsònèl medikal kalifye nan Lopital la detèmine pasyan an gen yon kondisyon medikal ki ijan, EMTALA oblije Lopital la tou pou l ba l tretman pou stabilize l selon kapasite Lopital la. Kantite sèvis pasyan an ap bezwen pou l fè egzamen ki apwopriye yo epi kantite tretman l ap bezwen pou stabilize kondisyon medikal ijan li a selon EMTALA, ki ka gen ladan l etène l, se medsen an oubyen lòt pèsònèl medikal kalifye nan Lopital la k ap detèmine l, e y ap note l nan dosye medikal li a.

C. Sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa Ijan

Lè yo pale de "*Sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa Ijan*" nan dokiman sa a, jeneralman sa gen ladan l sèvis ki nesèsè men ki pa ranpli kondisyon pou yo se Sèvis Emèjènsi oswa Sèvis Dijans yo pale nan Seksyon II(B) dokiman sa a, oubyen tou kapab se sèvis yon medsen detèmine ki pa medikalman nesèsè (pa egzanp, sosyal, edikatif, pwofesyonèl, chiriji kosmetik, rechèch, ak lòt) (yo gendwa rele dènyè kategori sèvis sa a *Sèvis ki Pa Medikalman Nesèsè* nan dokiman sa a). Jeneralman, men pa toutan, pasyan an pran yon randevou pou jan de sèvis sa yo alavans. Lopital la gendwa refize bay yon pasyan Sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa Ijan nan ka kote Lopital la pa reyisi detèmine si y ap peye yo pou sèvis sa yo.

D. Andwa Kote Pasyan ka Jwenn Sèvis

Gade Apendis A.

III. CHÈCHE E VERIFYE ENFÒMASYON PASYAN AN

Pasyan an oblije bay Lopital la enfòmasyon sou asirans ak enfòmasyon demografik ki konplè e ki ajou, epi pasyan an dwe konnen ki sèvis pwogram asirans yo a kouvri. Lopital la ap fè bonjan efò pou idantifye tout pasyan epi pou yo chèche, anrejistre, e verifiye enfòmasyon demografik ak enfòmasyon finansyèl ki konplè pou chak pasyan k ap chèche swen. Enfòmasyon y ap bezwen yo gen ladan l enfòmasyon demografik (tankou non pasyan an, adrès li, nimewo telefòn li, nimewo sekirite sosyal li, sèks li, dat nesans li, ak lòt enfòmasyon sou li ki apwopriye) avèk enfòmasyon sou asirans sante (sa gen ladan l non ak adrès, nimewo pwogram, nimewo gwoup, enfòmasyon sou moun ki enskri a, ak enfòmasyon sou byenfè yo, tankou ko-peman, dediktib, ak ko-asirans) ki sifi pou jwenn peman pou sèvis yo bay. Byenke Lopital la bezwen jwenn enfòmasyon ki konplè, y ap teni kont de kondisyon pasyan an, e y ap fè bezwen pasyan an pou l jwenn bonjan swen tousuit la priorite yo. Pou moun ki etène yo, y ap fè verifikasyon an nenpòt lè pandan y ap ba l sèvis, lè yo egziyate l, oswa pandan y ap fè resèt. Pou pasyan ki pa etène, yo ka fè verifikasyon an lè pasyan an resevwa Sèvis ki pa Emèjènsi e ki Pa Ijan oswa pandan y ap fè resèt.

A. Sèvis Emèjènsi ak Sèvis Dijans

Y ap anrejistre e resevwa pasyon Emèjènsi ak pasyan Dijans ann amoni ak egzijans ki nan EMTALA a. Jeneralman, y ap chèche enfòmasyon demografik pasyan an ak enfòmasyon sou asirans pasyan an ann amoni ak pwosesis anrejistremant nòmal Lopital la, depi rechèch sa yo pa voye pou pita egzamen medikal pasyan an bezwen oswa tretman li bezwen pou stabilize l. Si pasyan an pa kapab bay enfòmasyon demografik oswa enfòmasyon sou asirans pandan y ap bay pasyan an sèvis, epi si pasyan an dakò, y ap fè tout efò pou yo entèvyouwe fanmi ak zanmi ki te akonpaye pasyan an oswa ki konnen l. Kote sa pratik, yo dwe konfime enfòmasyon sou asirans pasyan an te bay la avèk konpayi asirans lan elektwonikman oswa yon lòt fason. Men, pèsònèl Lopital la pap janm verifye stati asirans pasyan an, chèche apwobasyon nan men konpayi k ap peye a, oswa bay pasyan an fòmilè ki di li responsab depans yo anvan yo fè egzamen medikal pou li epi kòmanse tretman li bezwen pou stabilize l.

B. Sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa Ijan

Yo dwe anrejistre e resevwa pasyan pou sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa Ijan anvan yo rann li sèvis la. Pou pasyan ki te la deja oswa ki gen dosye nan Lopital la, y ap toujou bezwen regade e mete ajou enfòmasyon demografik yo, enfòmasyon sou asirans yo, ak enfòmasyon finansyè yo, depi gen bezwen, e sa gen ladan l, kote sa apwopriye, pou yo verifye stati asirans yo elektwonikman oswa yon lòt fason. Pasyan yo gen responsablite pou yo asire yo Biwo Anrejistremant an gen enfòmasyon sou asirans ak enfòmasyon demografik ki ajou.

IV. DETÈMINE RESPONSABILITE FINANSYÈ PASYAN AN

A. Prensip Jeneral

Lopital la ap fè bonjan efò pou l detèmine ki responsablite finansyè pasyan an, kou yo ka rezonableman fè sa, pandan y ap bay l swen; depi yo fè egzamen ki nesèsè yo epi kòmanse tretman ki nesèsè yo pou stabilize pasyan Emèjènsi yo oswa pasyan Dijans yo anvan yo detèmine responsablite finansyè yo, ann amoni ak EMTALA a. Si yon pasyan enskri nan yon plan swen sante kontwole oswa yon plan asirans ki gen egzijans presi, se li menm ki responsab pou l konprann e suiv tout egzijans plan asirans li a, sa gen ladan l referans, otorizasyon, byenfè ki pa kouvri yo, ak lòt restriksyon "rezo" yo. Lè sa nesèsè, Lopital la ap mande apwobasyon davans, otorizasyon, oswa garanti peman nan men konpayi asirans lan, depi sa posib. Nan kèk sikonstans, san wete Sèvis Emèjènsi ak Sèvis Dijans, yo gendwa chèche refererans ak otorizasyon sa yo apre yo bay pasyan an sèvis. Y ap fè tout pasyan ki dwe pou sèvis yo te resevwa yo konnen asistans finansyè ki disponib pou ede yo peye dèt yo genyen anvè Hallmark Health la.

B. Prepare yon Estimasyon

Si pasyan an mande sa, anvan yo ba l yon Sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa Ijan, Lopital la ap ba l yon estimasyon konbyen sèvis la ap koute, tarif pou Lopital la ladann tou. Pou yo kalkile estimasyon an, yo chèche enfòmasyon pou li epi jeneralman yo gade konbyen sèvis medikal sa a oswa chiriji sa a konn koute nan Lopital la deja, an mwayèn, plis pandan konbyen jou l ap etènè, si aplikab. Lopital la ap fè tout sa yo kapab pou yo estime konbyen nan depans lan k ap sou responsablite pasyan an, sa gen ladan l ko-peman, dediktib, ak ko-asirans. Estimasyon yo pa teni kont de tout sèvis òganizasyon ki nan Apendis B yo konn bay e faktire yo. Balans final yo mande a gendwa diferan ke estimasyon an poutèt sikonstans patikilye ki gendwa mande plis teknik ki konplike, plis egzamen, epi/oswa plis evalyasyon. Pou yo fè yon estimasyon, sa mande pou pasyan an ak medsen k ap trete l la idantifye rezonableman ki tretman ak swen lopital pasyan an ap bezwen pi devan. Yonfwa yo fin idantifye ki sèvis ki nesèsè k ap nan estimasyon an, Lopital la gen 2 jou biznis, depi dat yo te mande yo sa, pou yo prepare yon estimasyon final epi fè pasyan an konnen l. Yo bay pasyan an estimasyon final la ansanm ak diferan opsyon peman.

C. Pasyan ki gen Asirans

Lopital la ap fè bonjan efò pou l verifye stati asirans pasyan an epi ede l ranpli tout egzijans ki fè pati plan asirans sante l la. Se pasyan an ki responsab pou l chèche yon referans nan men yon lòt founisè sèvis si l nesèsè. Y ap verifye asirans ann amoni ak prensip nou te presize nan Seksyon III ki pi wo a. Depi sa posib, lè y ap fè verifikasyon an y ap detèmine responsablite finansyè pasyan an, sa gen ladan l ko-peman, dediktib, ak ko-asirans. Kote sa pratik e kote l apwopriye, y ap touche montan yo te gentan detèmine a (ko-peman, dediktib ki fiks) nan men pasyan an pou sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa ljan anvan jou yo ba l sèvis la oubyen menm jou a. Kote sa pratik e kote l apwopriye, Lopital la gendwa touche ko-peman an apre yon egamen medikal nan men yon pasyan Emèjènsi oswa pasyan Dijans. Nan kèk ka, plan asirans pasyan an ak fason l kouvri depans yo gendwa pa pèmèt yo detèmine egzakteman konbyen ki responsablite pasyan an anvan yo ba l sèvis la. Nan ka sa yo, Lopital la gendwa mande pasyan an fè yon depo selon yon estimasyon li fè sou baz konbyen yo atann pasyan an ap responsab finansyèman. Si yon pasyan pa kapab peye pou yon sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa ljan anvan yo ba l sèvis la, oswa si l pa kapab peye apre li resevwa yon sèvis Emèjènsi oswa yon sèvis Dijans, yo gendwa refere l bay Konseye Finans yo.

- 1) Plan Asirans ak Kontra: Lopital la fè kontra avèk plizyè plan asirans. Nan ka sa yo, Lopital la ap chèche peman nan men asirans lan pou tout sèvis yo kouvri yo. Pou ede pasyan an avèk depans se pasyan an k ap peye yo, lè pasyan yo mande sa, Lopital la ap ba yo enfòmasyon konsènan Sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa ljan an. Si asirans lan detèmine yon sèten sèvis pa kouvri, oswa si yo refize peye l pou yon lòt rezon, y ap chèche fakti sa a nan men pasyan an direktman ann amoni ak kontra asirans lan. Depi sa posib, Lopital la ap ede pasyan an fè apèl lè plan asirans lan rejte yon peman oswa bay yon lòt jijman negatif, paske Lopital la konprann souvan plan asirans lan bezwen pou pasyan an fè apèl sa yo.
- 2) Plan Asirans San Kontra: Lopital la dispoze faktire konpayi asirans pasyan an nan ka kote Lopital la pa gen yon kontra avè yo. Byenke Lopital la ap faktire plan asirans pasyan an, alafen, responsablite finansyè a se sou pasyan an li ye oswa sou moun ki bay garanti pou li a (moun ki responsab pasyan an finansyèman). Si asirans lan pa reponn fakti Lopital la atan, Lopital la gendwa faktire pasyan an direktman pou sèvis yo te ba yo, sof nan ka kote pasyan an pwoteje kont aksyon resèt (Seksyon IX(B)(6)). Y ap faktire pasyan an nenpòt dèt ki rete apre asirans lan fin peye sa y ap peye a. Depi sa posib, Lopital la ap ede pasyan an fè apèl lè plan asirans lan rejte yon peman oswa bay yon lòt jijman negatif, paske Lopital la konprann souvan plan asirans lan bezwen pou pasyan an fè apèl sa yo.

D. Pasyan ki pa gen Asirans (“Self Pay”)

Pasyan ki pa gen asirans sante, epi yo pa t deja detèmine yo kalifye kòm “Pasyan Revni Fèb” selon Massachusetts Health Safety Net (HSN) jan yo pale de sa nan Seksyon VI(F) pi ba a, y ap mande yo peye tout fakti a lè yo fè estimasyon an. Pou tout sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa ljan, si yo pa ka fè yon estimasyon, y ap mande davans yon depo ki te deja fikse. Si pasyan an pa peye davans oswa li endike li pa ka bay depo a, yo gendwa refere pasyan an bay Konseye Finans yo.

Y ap refere pasyan ki pa gen asirans bay Konseye Finans yo pou detèmine si yo kalifye pou pwogram Eta ak pwogram Federal, e si yo kalifye, Konseye Finans yo ap ede pasyan yo fè demann pwogram sa yo. Sa gen ladan l pasyan ki abite Massachusetts k ap fè demann pa mwayen Health Connector ki nan Commonwealth of Massachusetts la. Anplis pwogram gouvènmantral ki gendwa disponib pou yo, y ap bay tout pasyan ki pa gen asirans yo enfòmasyon sou pwogram asistans finansyè ki disponib selon Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la (yon moun ka jwenn li nan <https://www.hallmarkhealth.org/Financial-Counseling-and-Billing/Financial-Assistance-Policies.html>, oswa lè l rele pou pran yon randevou avèk yon Konseye Finans Lopital la nan 781-338-7111). Si pa gen yon rezon ljan pou l jwenn sèvis la, selon medsen k ap trete l la, y ap kanpe sou sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa ljan an jiskaske pasyan an kapab peye l, jiskaske li fè aranjman pou l peye l, jiskaske li jwenn asirans, oswa jiskaske li enskri nan yon pwogram asistans finansyè k ap kouvri sèvis la.

V. KONT PASYAN AK SÈVIS KONSÈY SOU FINANS

A. Enfòmasyon Jeneral

Lopital la ap fè bonjan efò pou l idantifye pasyan ki pa gen asirans oswa asirans yo manke yo, yon fason pou yo bay yo konsèy ak asistans. Lopital la ap bay pasyan sa yo ak fanmi yo konsèy sou finans, sa gen ladan l verifye si yo kalifye pou lòt pwogram, tankou pwogram Federal oubyen pwogram Eta, epi y ap ba yo enfòmasyon sou tout fason yo kapab peye fakti Lopital yo. Si yo bezwen plis asistans finansyè, depatman Kont Pasyan an gendwa bay rabè oswa fè ajisteman pou pasyan an si yo kalifye pou Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la. Pasyan an gen plizyè responsablite pou l ranpli pou l kalifye pou l jwenn asistans, san wete obligasyon pou l remèt tout dokiman ki egzak e ki nesèsè yo. Kote pasyan gendwa kalifye pou pwogram Federal, tankou Medicare, Lopital la ap fè pasyan an konnen ki pwogram yo gendwa jwenn epi y ap ede l fè demann nan epi jwenn dokiman ki nesèsè yo, lè sa apwopriye.

B. Pibliye Sèvis Konsèy sou Finans

Lopital la pibliye toutpatou enfòmasyon sou disponiblite pwogram asistans finansyè, tankou ki kote yo ka jwenn asistans. Tanpri, gade Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la pou plis detay (ou ka jwenn li nan <https://www.hallmarkhealth.org/Financial-Counseling-and-Billing/Financial-Assistance-Policies.html>).

C. Rezidans

Kesyon rezidans se yon faktè ki detèmine si yon moun kalifye pou l jwenn asistans finansyè pa mwayen pwogram Eta yo, pwogram Federal yo, oswa pwogram asistans finansyè Lopital la. Tanpri, gade Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la pou w jwenn plis detay (ou ka jwenn li nan <https://www.hallmarkhealth.org/Financial-Counseling-and-Billing/Financial-Assistance-Policies.html>).

D. Asistans Finansyè Lopital la, Rabè, Charity Care

Nou ankouraje pasyan yo pou yo fè demann pwogram Eta epi/oswa pwogram Federal anvan. Si pasyan an pa kalifye pou pwogram sa yo, yo gendwa jwenn asistans finansyè selon Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la.

E. Konsiderasyon Espesyal pou Sèten Demann

- 1) Demann Konfidansyèl: Yo gendwa fè demann konfidansyèl pou pwogram asistans finansyè Eta oswa pwogram asistans finansyè Lopital la nan 2 sikonstans:
 - a. Minè: yo gendwa fè demann konfidansyèl pou minè k ap chèche sèvis planin ak sèvis ki gen rapò ak maladi moun pran nan fè sèks. Yo gendwa jere demann sa yo parapò ak revni minè a, san yo pa teni kont de revni fanmi an. Yo dwe refere pasyan sa yo bay Konseye Finans yo.
 - b. Moun ki sibi Abi: moun sa yo tou gendwa fè demann sou baz revni pèsònèl yo san yo pa oblije bay adrès prensipal li a. Yo dwe refere pasyan sa yo bay Konseye Finans yo.
- 2) Moun ki pa gen Papyè: Gen pasyan ki gendwa enkyete yo pou efè sa ka gen sou yo nan domèn imigrasyon si yo ta fè demann Pasyan Revni Fèb nan pwogram Eta yo nou dekri nan Seksyon VI pi ba a. Nou ankouraje pasyan ki pa gen gwo mwayen yo pou yo fè demann pwogram gouvènmantal. Si yon pasyan refize fè demann asistans, n ap kontinye trete l kòm pasyan ki pa gen asirans, e n ap kontinye ba li Sèvis Dijans ak Sèvis Emèjènsi. Men, nou gendwa kanpe sou sèvis ki Pa ljan e ki Pa Emèjènsi jiskaskè pasyan an kapab peye, jiskaskè l ka fè aranjman finansyè ki apwopriye, jiskaskè l chèche asirans, oswa jiskaskè l enskri nan yon pwogram asistans finansyè ki ka kouvri sèvis la.

VI. PWOGRAM ETA – REZIDAN MASSACHUSETTS

Anplis pwosedi jeneral ki pi wo pou pasyan ki gen Asirans yo (Seksyon IV(C)) ak pasyan ki Pa gen Asirans yo (Seksyon IV(D)), Lopital la ap ankouraje pasyan ki gendwa kalifye yo pou yo fè demann Pwogram Eta ak lòt pwogram gouvènmanlal, epi Lopital la gendwa ede pasyan an fè demann sa yo. Eitou, pasyan gendwa fè demann e apwouve pou HSN kouvri peman ko-asirans oswa dediktib ke plan asirans prensipal yo a pa kouvri yo. Pwogram eta yon pasyan gendwa kalifye pou yo gen ladan yo, pami lòt, MassHealth, HSN, ak lòt pwogram ki fèt pa mwayen Health Connector (nou rele yo tout ansanm “Pwogram Eta”).

A. Pwosesis pou Fè Demann – Tout Pwogram Eta Sof Difikilte Medikal

Lopital la ede pasyan fin fè demann pou Pwogram Eta epi chèche e depoze dokiman Pwogram Eta a egzijè yo. Moun nan fè demann pa mwayen fòmilè demann ki apwopriye a yo jwenn nan men sistèm anrejistremant Eta a. Moun nan ka depoze yon demann gras a yon sit wèb, ki sitye sou yon sit santral ki pou Health Connector Eta a, oswa li ka depoze yon fòmilè demann papye, oswa li ka fè demann nan sou telefòn avèk yon reprezantan sèvis kliyantèl ki swa nan MassHealth, swa nan Health Connector. Dokiman ki nesèsè gendwa gen ladan yo, pami lòt, prèv: (1) revni anyèl fanmi an (fich peman travay, dosye peman sekirite sosyal, avèk yon lèt nan men anplwayè a, deklarasyon enpo yo, oswa deklarasyon bank), (2) sitwayènte ak idantite, (3) stati antanke imigran pou moun ki pa sitwayen (si aplikab), epi (4) resous yo si yo gen 65 an oubyen plis. Eta a ap fè pasyan an konnen ki dokiman li bezwen depoze pou verifikasyon final la. Pasyan an gendwa resevwa asirans pwovizwa si l ranpli kondisyon pwogram nan ki aplikab anvè li menm.

B. Pwosesis pou Fè Demann – HSN - Difikilte Medikal

Lopital la pral travay avèk pasyan an pou detèmine si yon pwogram tankou HSN- Difikilte Medikal (“Medical Hardship”) ap apwopriye pou li. Si wi, Lopital la pral ede pasyan an fin ranpli epi depoze yon fòmilè demann Difikilte Medikal bay Health Safety Net. Se obligasyon pasyan an pou l bay tout enfòmasyon ki nesèsè Lopital la mande l, e se pou l fè sa atan, pou asire Lopital la ka depoze yon demann ki konplè. Yonfwa pasyan an fin ranpli demann nan epi li sanble tout dokiman ki egzijè yo, Lopital la pral depoze demann ki konplè a bay HSN anvan 5 jou biznis fin pase depi lè l te jwenn li nan men pasyan an. Si Lopital la pa depoze demann nan apre 5 jou biznis depi lè l te fin jwenn li nan men pasyan an, yo pap ka fè aksyon resèt kont pasyan an pou fakti ki t ap kalifye pou Difikilte Medikal si yo te depoze demann nan bay Eta a atan.

C. Apwobasyon pou Pwogram Eta yo

Lopital la gendwa ede yon pasyan fè demann pou l jwenn byenfè ki disponib gras a Pwogram Eta yo, men Lopital la pa jwe okenn wòl nan detèminasyon MassHealth oswa HSN fè pou wè si pasyan an kalifye. Se MassHealth oswa HSN k ap toujou fè konnen si pasyan an kalifye. Se toujou responsablite pasyan an pou l fè Lopital la konnen desizyon MassHealth ak HSN pran yo, yon fason pou asire Lopital la jere fakti yo kòrèkteman e atan.

D. Efè yon Demann HSN/MassHealth ki Ann Atant

Lè Lopital la depoze yon demann Massachusetts Health Connector pou yon pasyan ki gen ladan l kalifye pou pwogram MassHealth ak HSN yo, Lopital la ap kenbe fakti yo annatandan yo bay desizyon yo.

E. Fè Apèl Desizyon

- 1) MassHealth: Se pasyan an ki pou pran devan nan fè apèl yon desizyon MassHealth te pran oswa pou yo mande plis enfòmasyon. Yo dwe voye demann nan bay MassHealth avèk dokiman ki pou soutni l.

Pwogram Kredi ak Resèt Hallmark Health

- 2) Pasyan Revni Fèb: Yon moun gendwa mande MassHealth/Connector a pou l re-egzamine desizyon ki te pran konsènan stati pasyan an antanke Pasyan Revni Fèb, pou l egzamine fason Lopital la te aji ann amoni ak sa ki di nan 101 C.M.R. § 613.00, oswa, nan ka eksepsyonèl, pou yo egzamine kalifikasyon l pou Difikilte Medikal.

F. HSN – Kalifikasyon kòm Pasyan Revni Fèb epi Kiyès ki Enkli

- 1) Detèmine Pasyan Revni Fèb
Se sistèm kalifikasyon MassHealth/Massachusetts Health Connector ki detèmine si yon pasyan se yon Pasyan Revni Fèb, e sa se pou pou rezidan Massachusetts yo sèlman. Pou kalifye, yon pasyan dwe depoze yon demann sou entènèt oswa sou papye, jan yo di sa nan Seksyon VI(A) oswa Seksyon VI(B) pi wo a, e sa gen ladan l dokiman ki pwouve rezidans Massachusetts, idantiite, ak revni. Gen 4 kategori prensipal Pasyan Revni Fèb dapre HSN: (i) HSN-Prensipal (Seksyon VI(F)(4) pi ba a); (ii) HSN-Segondè (Seksyon VI(F)(5) pi ba a); (iii) HSN-Pasyèl (Seksyon VI(F)(6) pi ba a); epi (iv) HSN-Difikilte Medikal (Seksyon VI(F)(7) pi ba a).
 - a. Lopital la ka ede pasyan yon lòt fason, lè yo ede yo enskri nan Health Safety Net pa mwayen yon pwosesis detèminasyon ki deside davans, ki pèmèt pasyan an kalifye pandan yon ti peryòd limite. Se Konseye Finans ki fè pwosesis la sou baz enfòmasyon pasyan an bay sou finans li, e se yo menm ki pral detèmine si yon pasyan ranpli kondisyon pou l yon Pasyan Revni Fèb pou l ka jwenn sèlman sèvis Health Safety Net yo. Asirans lan kòmanse premye jou Lopital la pran desizyon an pou l rive nan fen mwa pwochen an apre desizyon an te fin pran an. Sepandan, yo gendwa chanje asirans lan anvan sa si pasyan an remèt yon fòmilè demann ki konplè pou Pwogram Eta yo jan yo pale sou sa nan Seksyon VI(A) ak Seksyon VI(B) pi wo.
- 2) Kalifye pou HSN
Y ap verifiye si yon pasyan kalifye pou asirans HSN lè l anrejistre, e y ap itilize sistèm kalifikasyon MassHealth la (MassHealth Eligibility Verification System, EVS), sistèm Medicaid la (Massachusetts's Medicaid Management Information Systems, MMIS), sistèm ki rele Passport la, oswa lòt sistèm kalifikasyon Lopital la, si yo aplikab, epi y ap note nenpòt chanjman nan stati pasyan an nan dosye l.
- 3) Limit nan Sèvis
Depi sa posib, y ap bay pasyan yo idantifye kòm Pasyan Revni Fèb yo sèvis ann amoni ak direksyon asirans HSN yo oubyen MassHealth yo, san wete limit sou "Sèvis ki Akseptab" yo selon règ eta a ak règ medikaman yo. Si yon pasyan ap chèche pou yo ranbouse l pou sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa ljan li pral fè yo, y ap ekri l pou yo fè l konnen tarif maksimòm sèvis la ka koute epi pasyan an dwe siyen yon deklarasyon ki di li aksepte responsablite finansyè a, e l ap fè sa anvan l jwenn sèvis la.
- 4) Kiyès ki Enkli - HSN – Prensipal (Primary)
Yon Pasyan Mwayèn Fèb ki pa gen asirans ki ka pwouve revni fanmi an, selon sistèm verifikasyon ki rele MassHealth MAGI Household oubyen Medical Hardship Family Countable Income (jan yo dekri sa nan 101 C.M.R. § 613.04(1)), ki ant 0 ak 300% Nivo Povrete Federal la (FPL), li gendwa kalifye pou HSN - Prensipal, sof nan ka suivan sa yo:
 - a. Pasyan Revni Fèb ki kalifye pou pwogram asistans ki rele Premium Assistance Payment Program ki fonksyone anba Health Connector a, yo ka kalifye pou pwogram HSN prensipal la ki rele Health Safety Net - Prensipal sèlman dapre mezi ki nan 101 C.M.R. § 613.04(5)(b).
 - b. Elèv ki anba egzijans plan ki rele Qualifying Student Health Plan ki nan M.G.L. c. 15A, § 18, yo pa kalifye pou plan Health Safety Net - Prensipal la.
- 5) Kiyès ki Enkli – HSN - Segondè (Secondary)
Yon Pasyan Revni Fèb genwa kalifye pou HSN - Segondè si l gen yon lòt asirans prensipal, epi li ka pwouve revni fanmi l ant 0 a 300% FPL a, selon sistèm verifikasyon ki rele MassHealth MAGI Household Income yo oubyen Medical Hardship Family Countable Income yo (jan yo di sa nan 101 C.M.R. § 613.04(1)), sof nan ka sa yo:

Pwogram Kredi ak Resèt Hallmark Health

- a. Pasyan Revni Fèb yo ki kalifye pou pwogram asistans prensipal ki rele Premium Assistance Payment Program ki fonksyone anba Health Connector a, yo ka kalifye pou pwogram HSN segondè a ki rele Health Safety Net – Segondè, sèlman dapre mezi ki nan 101 C.M.R. § 613.04(4)(a)(2)(a).
 - b. Elèv ki anba egzijans plan ki rele Qualifying Student Health Plan ki nan M.G.L. c. 15A, § 18, yo pa kalifye pou plan Health Safety Net – Segondè a.
- 6) Kiyès ki Enkli – HSN - Dediktib Pasyèl (Partial Deductible)
Payan ki kalifye pou HSN - Prensipal (Primary) oswa HSN - Segondè (Secondary) ki gen yon revni fanmi ki ant 150.1% ak 300% FPL la, selon sistèm verifikasyon ki rele MassHealth MAGI Household oubyen Medical Hardship Family Countable Income, yo gendwa oblije peye yon dediktib anyèl si tout manm ki nan gwoup la (Premium Billing Family Group, PBFG) gen yon revni ki pi wo pase 150.1% FPL la. Yon PBFG se yon gwoup moun ki rete ansanm, jan yo defini l nan 130 C.M.R. § 501.001. Si nenpòt manm PBFG a gen yon revni ki pi ba pase 150.1% FPL la, okenn moun nan PBFG a pap peye dediktib. Yo kalkile dediktib anyèl la ann amoni ak 101 C.M.R. § 613.04(4)(c)(1).
- 7) Kiyès ki Enkli – HSN - Difikilte Medikal (Medical Hardship)
Yon rezidan Massachusetts ki gen kèlkeswa revni gendwa kalifye pou Difikilte Medikal (Medical Hardship) pa mwayen Health Safety Net si depans medikal yo tèlman souse revni li, li pa gen mwayen pou l peye sèvis sante ankò. Pou kalifye pou Difikilte Medikal, depans medikal moun k ap fè demann nan dwe depase yon pousantaj presi revni li, jan yo defini sa nan 101 C.M.R. § 613.05(1)(c). Yo kalkile sa pou moun k ap fè demann nan bay la kòm yon pousantaj presi revni li, jan yo defini sa nan 101 C.M.R. § 613.05(1)(b), sou baz FPL fanmi Difikilte Medikal la miltipliye pa revni kontab aktyèl la, mwens depans ki pa kalifye pou Health Safety Net peye yo, sètadi depans se moun k ap fè demann nan k ap toujou responsab yo.
- 8) Responsablite Finansyè Pasyan an: Revni Fèb/HSN Pasyèl/Difikilte Medikal:
- a. Sèl responsablite finansyè yon Pasyan Revni Fèb ap genyen se ko-peman (pou nenpòt antite k ap peye sof Medicare), dediktib HSN ap detèmine yo (yo pale de sa nan Seksyon VI(F)(6) pi wo a), oswa si pasyan an dakò pou l peye yon montan yo kalkile ki rele CommonHealth Spend Down nan.
 - b. Depo pou Pasyan Revni Fèb ki deziyen kòm HSN Pasyèl (yo pale de sa nan Seksyon VI(F)(6) pi wo a) oswa Difikilte Medikal (yo pale de sa nan Seksyon VI(F)(7) pi wo a): Y ap mande pasyan sa yo depo, depi se sa ki prensipal asirans yo, pou depans pou tout sèvis ki medikalman nesèsè men ki Pa Emèjènsi e ki Pa ljan. Y ap egzamine stati aktyèl dediktib fanmi anyèl la pou pasyan HSN Pasyèl la, epi yo gendwa mande pasyan an yon depo jiska 20% dediktib anyèl li a rive nan yon maksimòm \$500. Anplis, Lopital la gendwa mande yon depo nan men pasyan ki kalifye pou Difikilte Medikal ki jiska 20% kontribisyon Difikilte Medikal pasyan an, rive nan yon maksimòm \$1000.
 - c. Plan peman: Y ap fè Pasyan Revni Fèb yo konnen ki plan peman ki disponib pou satisfè tout fakti yo dwe yo ann amoni ak kondisyon yo presize nan Seksyon VIII nan Aranjman Peman.
 - d. Sèvis ki Pa Medikalman Nesèsè: Pasyan Revni Fèb yo ap oblije peye davans nenpòt Sèvis ki Pa Medikalman Nesèsè, jan yo di sa nan Seksyon II(C), depi yo te fè pasyan an konnen davans tarif maksimòm sèvis sa yo, epi depi li te siyen yon deklarasyon ki di ni HSN, ni kèlkeswa lòt pwogram asistans Massachusetts pap kouvri sèvis la. Y ap kanpe sou sèvis la jiskaske pasyan an peye l, ann amoni ak Seksyon VIII(E).

VII. MOUN KI PA REZIDAN MASSACHUSETTS

A. Rezidan Etazini ki pa Rezidan Massachusetts

Anplis suiv pwosedi ki pou pasyan ki gen Asirans (Seksyon IV(C)) ak pasyan ki pa gen Asirans (Seksyon IV(D)), Lopital la pral ankouraje pasyan ki rezidan Etazini men ki pa rezidan Massachusetts ki gendwa kalifye pou yo jwenn asirans avèk Medicaid eta pa yo a oswa lòt pwogram gouvènmantal (Pwogram Eta pou Rezidan Etazini ki pa Rezidan Massachusetts) pou yo fè demann asirans.

- 1) Lopital la gendwa ede Rezidan Etazini ki pa Rezidan Massachusetts k ap fè demann Pwogram Eta lè yo bay pasyan an enfòmasyon sou pwogram ki gendwa bon pou li. Moun fè demann asirans avèk fòmilè demann ki apwopriye a yo depoze pa mwayen sistèm anrejistreman pou Eta moun ki Rezidan Etazini ki pa Rezidan Massachusetts la. Dokiman ki nesèsè ka gen ladan yo, pami lòt, prèv: (1) revni anyèl fanmi an (fich peman travay, dosye peman sekirite sosyal, avèk yon lèt nan men anplwayè a, deklarasyon enpo yo, oswa deklarasyon bank), (2) sitwayènte ak idantite, (3) stati antanke imigran pou moun ki pa sitwayen (si aplikab), epi (4) resous yo si yo gen 65 an oubyen plis. Eta ki an kesyon an pral fè pasyan an konnen nenpòt dokiman li bezwen depoze pou verifikasyon final la.
- 2) Lopital la pa jwe okenn wòl nan detèmine si pasyan an kalifye pou yon Pwogram Eta moun ki Rezidan Etazini ki pa Rezidan Massachusetts. Se pwogram yo ki pral fè konnen si moun nan kalifye, se pa Lopital la. Se toujou responsablite pasyan an pou l fè Lopital la konnen ki desizyon ki te fèt anrapò ak asirans li, yon fason pou asire Lopital la jere fakti yo kòrèkteman e atan.
- 3) Se pasyan an ki pou pran devan nan fè apèl oswa chèche plis enfòmasyon nan men Pwogram moun ki Rezidan Etazini ki pa Rezidan Massachusetts yo anrapò ak desizyon yo te pran an.

B. Pasyan Entènasyonal

Anplis suiv pwosedi ki pou pasyan ki gen Asirans (Seksyon IV(C)) ak pasyan ki pa gen Asirans (Seksyon IV(D)), Lopital la pral fè tout efò rezonab pou l chèche enfòmasyon sou adrès lokal moun nan ak adrès pèmanan li, pou moun ki rezidan yon peyi etranje, epi y ap fè tout sa yo kapab ki apwogriye selon bezwen an pou chèche peman davans pou tout sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa Ljan.

VIII. ARANJMAN PEMAN

A. Enfòmasyon Jeneral

Gen plizyè fason pasyan ka peye nan Lopital la. Diferan aranjman peman ki gendwa disponib gen ladan yo depo ak plan peman. Pasyan an oswa moun ki bay garanti pou li a ka fè aranjman sa yo avèk Sèvis Kliyantèl Kont Pasyan Hallmark Health la. Tout aranjman peman ap konfòm ak kritè ki detèmine davans yo epi y ap anrejistre yo kòrèkteman nan sistèm fakti ak sistèm anrejistreman Lopital la.

B. Fòm Peman

Moun ka peye pa mwayen chèk pèsònèl, chèk bank/sètifye, transfè elektwonik, kat de kredi/debi, oswa avèk lajan kach. Lopital la gen yon metòd pou l pousuiv "move" chèk epi defèt nenpòt peman ki te gentan aplike anvè kont pasyan an. Lè yon moun bay yon "move" chèk, sa gendwa sifi pou tranfere kont li nan Move Dèt.

C. Lajan Lòt Peyi

Sof si yo dakò yon lòt aranjman, peman dwe fèt avèk lajan Ameriken. Peman yo fè avèk lajan ki pa Ameriken, y ap chanje l nan to echanj bank Lopital la presize a, e sa gen ladan l nenpòt frè pou chanje l.

D. Plan Peman

Lopital la gen yon Pwogram Asistans Finansyè ki apa ki abòde kesyon plan peman. Y ap fè tout pasyan Revni Fèb yo ak Pasyan Difilikite Medikal yo konnen Lopital la ofri yon plan peman. Pwogram Asistans Finansyè a disponib pou tout moun wè sou sit wèb Lopital la nan <https://www.hallmarkhealth.org/Financial-Counseling-and-Billing/Financial-Assistance-Policies.html>.

E. Depo

Hallmark Health gen dwa mande yon peman konplè davans pou pasyan k ap resewwa sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa ljan. Si yon estimasyon sou pri a pa disponib, pasyan an oblije fè yon depo (ki pral sèvi pou peye depans ki pral fèt la). Si yon moun pa fè peman konplè a davans pou yon sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa ljan oswa si l pa fè depo yo mande a, y ap kanpe sou sèvis la pou yon tan endefini, depi medsen k ap trete pasyan an detèmine sèvis la pa medikalman nesèsè. Hallmark Health pap bezwen depo anvan yon moun admi oswa anvan l trete si moun nan bezwen Sèvis Emèjènsi oswa Sèvis Dijans, oubyen tou si moun nan pwoteje kont aksyon resèt grasa lwa eta ki abòde kesyon sa a (Apendis C - Pasyan ki Pwoteje kont Aksyon Resèt).

IX. FAKTIRE PASYAN EPI FÈ RESÈT

A. Prensip Jeneral

Lopital la ap fè bonjan efò pou l fè resèt nan men konpayi asirans pou tout depans yo dwe yo, selon prensip ki etabli pou endistri a, epi l ap chèche aplike peman ak ajisteman nan kontra a anvè kont pasyan an atan. Efò sa yo gen ladan yo faktire tout plan asirans ki disponib yo selon egzijans konpayi k ap peye yo, epi rapidman pousoiv reklamasyon yo rejte. Pasyan oswa moun ki bay garanti pou pasyan an ap responsab tout dèt ki rete sou kont lan apre yo fin aplike tout peman asirans, tout ajisteman nan kontra a, epi tou rabè/ajisteman yo te dakò sou yo ann amoni ak nenpòt konsèy sou remiz konpayi k ap peye a te bay la, sof kote yo gendwa remèt Health Safety Net rès dèt la oswa kote pasyan an pwoteje kont aksyon resèt selon lwa Massachusetts yo. Aksyon resèt gendwa gen ladan yo fakti pasyan, lèt pasyan, kontak nan telefòn, deklarasyon resèt final ki sètifye, ak aktivite resèt ki espesyal tankou rapòte l bay biwo kredi.

Se obligasyon pasyan an pou l bay enfòmasyon asirans ak enfòmasyon demografik ki konplè e ki ajou, epi pou l konnen ki sèvis plan asirans li a kouvri. Yo atann pasyan ki gen mwayen yo peye sèvis Hallmark Health rann yo.

B. Fason Lopital la Faktire, sa gen ladan l Fakti Pasyan, Lèt, ak Apèl Telefonik

Lopital la ap fè bonjan efò pou l asire se antite ki apwopriye a yo faktire epi fè resèt nan men yo a. Lopital la ap prepare epi voye fakti bay pasyan/moun ki bay garanti pou pasyan an, swa direkteman, swa pa mwayen yon ajan l li deziyen, regilyèman, pou avize yo konsènan dèt yo genyen avèk Lopital la. Jeneralman, yo anrejistre tout aksyon sou kont lan epi tout kominikasyon, tankou fakti, nan sistèm fakti Lopital la. Pèsonèl oblije ekri chak fwa yo kontakte pasyan an (oswa moun ki bay garanti pou pasyan an) nan sistèm ki kòrèk la, swa sistèm fakti a, sistèm anrejistremman an, oswa sistèm resèt pou pasyan k ap peye yo menm. Pou rezidan Massachusetts yo, yo pap voye reklamasyon bay Health Safety Net jiskaske yo fin epize bonjan efò sa yo.

- 1) **Premye Fakti Pasyan an:** Lopital la ap voye yon premye fakti bay pasyan an oswa moun ki bay garanti pou li a. Premye fakti a ap gen yon rezime depans yo, peman, ak ajisteman, ansanm ak premye tarif yo pou chak dat pasyan an te jwenn sèvis oubyen li te admi. Premye fakti a ap gen enfòmasyon sou disponiblite pwogram asistans finansyè ki gendwa peye fakti Lopital la.
- 2) **Fakti Suivan:** Lopital la sipoze kontinye faktire pasyan an oswa moun ki bay garanti pou li a a peprè chak 30 jou, pandan jiska 120 jou, ki se peryòd de tan ki apwopriye pou faktire moun kontinyèlman an epi pou fè aksyon resèt.
- 3) **Apèl Telefonik ak lòt Kominikasyon:** Apèl telefonik, fakti, lèt, kontak pèsonèl, avi, ak nenpòt lòt kalite metòd pou kominike konstitye yon bonjan efò pou kontakte moun ki responsab obligasyon an, epi pou fè pasyan an konnen disponiblite asistans finansyè.
- 4) **Sispann Faktire:** Nan kèk sityasyon, li ka pa apwopriye pou faktire moun kontinyèlman oswa fè aksyon resèt, epi yo ka sispann oswa kanpe sou aktivite sa yo. Sityasyon sa yo gen ladan yo, pami lòt: Move Adrès (Seksyon IX(B)(9)), ka kote moun nan fè Fayit (Seksyon IX(D)(1)), plent pasyan, ti dèt piti (Seksyon IX(B)(10)), demann MassHealth oswa HSN ki ann atant oswa yo apwouve (Seksyon VI(D)) ak Seksyon IX(B)(6), oswa pasyan ki aktyèlman ap fè demann pou Asistans Finansyè Hallmark Health.

- 5) Fè Konnen Disponiblite Asistans Finansyè: Fakti pasyan yo ap gen ladan yo avi, selon egzijans lalwa, ki fè pasyan an konnen disponiblite asistans finansyè epi ki jan pou yo aksede l. Epi, y ap mete avi ki fè konnen disponiblite asistans finansyè nan lòt komunikasyon ekri ak komunikasyon vèbal yo fè avèk pasyan an pandan l ap admi lopital al ak pandan l egziyate.
- 6) Pasyan ki Pwoteje Kont Aksyon Resèt: Lopital la ap fè demach rezonab pou asire yo pa fè aksyon resèt, tankou apèl telefonik, fakti oswa lèt, anvè pasyan ki dwe yo si yo pwoteje kont aksyon resèt selon lalwa. Sa gendwa gen ladan l pasyan ki enskri nan Pwogram Eta ki pwoteje kont aksyon resèt nan mezi yo dekri nan Apendis C a, pasyan kote Lopital la pa t depoze demann Difikilte Medikal li a atan (Seksyon VI(B)), pasyan ki gen yon demann Pwogram Eta ann atant (Seksyon VI(D)), oswa pasyan ki gen yon demann asistans finansyè ann atant avèk Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la. Lopital la gendwa kontinye voye lèt ki mande pasyan an enfòmasyon oswa ki mande yo poze aksyon pou pasyan an kapab rezoud pwoblèm asirans epi/oswa pwoblèm kalifikasyon avèk konpayi k ap peye pou yo a, oswa pwoblèm avèk Pwogram Konpansasyon Travayè a ki rele Worker's Compensation Program, oswa yo gendwa voye lèt pou chèche enfòmasyon sou responsablite lòt antite oswa responsablite MVA.
- 7) Dènye Avi (Resèt): Lopital ap fè yon efò rezonab pou voye bay chak pasyan yon dènye avi (resèt) nan lapost anvan yo klase kont pasyan an kòm Move Dèt. Y ap voye avi pou pasyan ki minè bay moun ki bay garanti pou li a.
- 8) Move Dèt Emèjènsi pou Rezidan Massachusetts: Nan ka kote Lopital la ap konsidere fè demann nan HSN pou yo konsidere kont yon pasyan kòm Move Dèt Emèjènsi, Lopital la ap asire l kondisyon sa yo ranpli:
 - a. Yo te fè yon efò san rete yo te note pou yo fè resèt, pandan omwen 120 jou;
 - b. Yo te voye yon kourye elektwonik bay EVS oswa MMIS pou mande si pasyan an gen asirans;
 - c. Sèvis yo te bay pasyan an kalifye kòm Sèvis Emèjènsi dapre definisyon ki nan pwogram sa a; epi
 - d. Yo te voye yon dènye avi resèt nan lapost sètifye pou yon dèt ki \$1000 oubyen plis. Si yon kont klase kòm yon kont Move Adrès, yo gendwa remèt li bay Health Safety Net san yo pa voye yon dènye avi resèt pa mwayen lapost sètifye, depi 120 jou yo te ekoule depi premye fakti a, epi depi Lopital la te fè yon bonjan efò rezonab pou jwenn yon adrès ki ajou, men yo pa t kapab jwenn li.
- 9) Move Adrès fè Fakti pa ka Livre: Lopital la pral fè yon efò rezonab pou l pousuiv, rechèche, epi refaktire tout fakti pasyan USPS pa t ka livre yo. Y ap verifye adrès la epi y ap korije l pa mwayen pwogram lòt antite ki ka disponib yo ki la pou chèche kote moun ye. Kote sa posib, y ap idantifye kont sa yo kòm Move Adrès nan sistèm fakti a ak sistèm anrejistreman an. Yonfwa yo klase yon kont kòm Move Adrès, yo pap fè lòt fakti oswa lèt pou li ankò sof si yo jwenn yon nouvo adrès. Lopital la pral sispann voye fakti bay adrès ki pa kòrèk yon fason pou kenbe konfidansyalite HIPAA a. Si enfòmasyon demografik ki pi resan sou yon kont gen yon Move Adrès, yo gendwa refere kont lan bay yon lòt ajans kòm Move Dèt pou yo ka pousuiv li, sof nan ka kote li gendwa yon kont Move Dèt Emèjènsi, kote y ap tann 120 jou anvan yo refere l.
- 10) Ajisteman pou Ti Dèt Piti: Piske li koute lajan pou fè e voye fakti epi mennen aktivite resèt, apre premye fakti a, Lopital la gendwa sispann fè lòt fakti sou kont ki pi ba pase nivo "fakti ti lajan piti" a ki se \$15. Y ap aplike politik sa a atravè tout antite k ap peye yo. Nan okenn ka, yo pap faktire HSN pou ajisteman pou ti dèt piti ki ann amoni ak pati sa a.

C. Avi Tarif Anplis

Lopital la gen yon pwosesis pou l idantifye tout det pasyan ki sibi yon tarif anplis ki rele Health Safety Net Trust Fund Surcharge on Acute Hospitals, jan yo egzije sa nan 101 C.M.R. § 614.05. Lopital la ap faktire pasyan an montan tarif anplis la epi y ap remèt resèt yo fè a bay HSN selon pwogram yo mande a.

D. Sityasyon Resèt Espesyal

- 1) Pasyan ki Fè Fayit: Lopital la pral fè yon efò rezonab pou l suiv tout avi Fayit yo, epi kenbe yo nan dosye yo pou asire yo suiv tout pwosedi tribinal la te apwouve yo, san wete fè reklamasyon avèk Tribinal la, kote sa apwopriye, oswa padone det.
- 2) Lopital la pap faktire yon Pasyan Revni Fèb HSN pou (1) reklamasyon ki gen rapò ak evènman kote Lopital la te fè yon gwo erè ki te lakòz gwo domaj, sa yo rele "Serious Reportable Events", jan yo dekri sa nan 101 C.M.R. § 613.03(1)(d); oswa (2) reklamasyon akòz yon fot fakti administratif oswa fot fakti teknik.
- 3) Asirans Segondè HSN: Lopital la ap fè bonjan efò pou l limite kantite reklamasyon li remèt HSN, tankou dediktib ak sèvis yo pa kouvri yo, nan ka kote pasyan an te epize byenfè yo oswa nan ka kote pasyan an potko gen yon enskripsyon aktif avèk antiite k ap peye a lè Lopital la te rann pasyan an sèvis yo. Si Lopital la resevwa yon peman anplis oubyen yon peman ki korije yon reklamasyon yo te gentan remèt HSN, y ap remèt reklamasyon korije a bay HSN.
- 4) Dediktib HSN Pasyèl: Lopital la ap faktire pasyan pou 100% Dediktib HSN Pasyèl yo konn peye chak ane a, mwens nenpòt depo pasyan an te bay ann amoni ak Seksyon VI(F)(8)(b), jiskaske yo faktire pasyan an yon montan ki egal ak kantite dediktib anyèl la, e montan sa a gen ladan l nenpòt det ki gen nan plan peman. Yo pap voye reklamasyon bay HSN jiskaske pasyan an peye dediktib li a.

E. Konsiderasyon Espesyal Anrapò ak Fason yo Jere Kont

Nan kèk sikonstans, y ap bezwen plis enfòmasyon oubyen lòt pwosesis pou jere kont yon pasyan kòrèkteman.

- 1) Konpansasyon Travayè (Worker's Compensation, WC): Yo dwe idantifye sèvis ki gen rapò ak aksidan endistriyèl kòrèkteman nan dosye anrejistreman an. Lòt enfòmasyon yo bezwen se dat ak lè aksidan an, non aplwayè a ak nimewo telefòn li, avèk asirans konpansasyon travayè anplwayè a ak nimewo telefòn yo. Lopital la ap fè efò rezonab pou l pousuiv asirans WC a. Nenpòt sa yo jwenn apre yo soumèt yon reklamasyon pral rekonpanse premye reklamasyon an epi y ap fè antiite ki peye a oubyen HSN konn sa, san wete nenpòt reklamasyon yo anile oswa voye tounen. Si pa gen asirans WC, y ap jere reklamasyon an selon metòd fakti nòmal la.
- 2) Aksidan Machin (Motor Vehicle Accidents, MVA) epi Responsablite Sivil (Third Party Liability, TPL): Yo dwe idantifye sèvis ki gen rapò ak yon aksidan machin oswa ak yon lòt responsablite sivil kòrèkteman nan dosye anrejistreman an. Y ap fè bonjan efò pou chèche plis enfòmasyon ki nesèsè pou depoze reklamasyon MVA, tankou dat ak lè aksidan an, kote ka responsablite sivil yo ap fèt, epi nenpòt asirans machin ki enplike. Yo dwe note non avoka ki asosye ak reklamasyon an nan sistèm anrejistreman an tou, si l disponib. Y ap fè efò rezonab pou faktire asirans MVA/TPL la pou chèche nenpòt montan Pwoteksyon Domaj Pèsonèl (Personal Injury Protection, PIP) ki disponib. Y ap fè reklamasyon asirans sante apre yo fin epize PIP a. Lopital la gendwa depoze yon privilèj anrapò ak peman ki pral fèt pou domaj pèsonèl asirans MVA a pral peye pasyan an si nou pa ka jwenn non avoka pasyan an k ap jere reklamasyon an. Nenpòt sa yo jwenn apre yo depoze yon reklamasyon pral rekonpanse premye reklamasyon an epi y ap fè antiite ki peye a oswa HSN konn sa, san wete nenpòt reklamasyon yo anile oswa voye tounen. Si pa gen asirans MVA/TPL, y ap jere reklamasyon an selon metòd fakti nòmal la.

- 3) Lwa sou Transfè Asirans Sante ak Responsablite (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA): Selon HIPAA a, pasyan ki peye Lopital la tout depans lan pou yon bagay presi oswa pou yon sèvis gen dwa pou yo mande Lopital la pa voye Enfòmasyon sou Sante ki Pwoteje (PHI) yo a ki konsènen bagay la oswa sèvis la bay plan asirans sante yo a nan objektif pou chèche peman, sof si lalwa a ta egzije yo fè sa a. Restriksyon sa a se sèlman pou bagay presi a oswa pou sèvis Lopital la te bay e faktire a. Pasyan ki ta renmen itilize restriksyon sa a dwe konpletman peye tout dèt depi nan lè sèvis la, oswa, si yo pa ka estime tout depans lan nan lè sèvis la, yo dwe peye lè yo jwenn fakti a. Si, apre efò rezonab, Lopital la pa jwenn peman an nan men pasyan k ap mande restriksyon sa a, Lopital la gendwa bay pasyan an yon avi epi y ap faktire plan asirans sante a. Yo dwe note kont lan chak fwa a yon fason pou evite yo distribye enfòmasyon yo pa t dwe distribye a.

X. PLASMAN NAN MOVE DÈT

A. Transfere yon Kont nan Move Dèt

Lopital la ap fè yon efò rezonab pou l ede yon pasyan kalifye pou asistans finansyè anba pwogram Eta yo, pwogram Federal yo, oswa pwogram Hallmark Health yo lè l ekri pasyan an pou fè l konnen disponiblite pwogram asistans yo epi lè l ede pasyan an fin ranpli fòmilè demann yo. Yonfwa yo fin fè efò rezonab sa yo epi Lopital la fin fè tout efò li kapab fè pou l fè resèt sa ki dwe a, y ap transfere kont lan nan Move Dèt. Jeneralman y ap fè sa apre yo fin konplete sik fakti pasyan an ki dire 120 jou, avèk kèk eksepsyon akòz Move Adrès oswa lòt sikonstans ki modere ka a. Jeneralman, y ap fè plis efò pou fè resèt pou kont ki klase kòm Move Dèt yo pa mwayen plizyè sous, tankou pèsònèl Lopital la, ajans resèt ekstèn, oswa avoka resèt, ann amoni ak lwa aplikab yo.

B. Ajans Resèt

Nenpòt ajans k ap chèche fè resèt dèt pasyan pou Lopital la oblije konfòme yo selon pwogram sa a, sa gen ladan l obligasyon pou l evite “aktivite resèt ekstrawòdinè” (yo defini l pi ba a) jiskaske Lopital la fin fè yon efò rezonab epi suiv yon pwosesis rezonab pou detèmine si yon pasyan gendwa jwenn asistans oswa egzanpsyon kont nenpòt pwosesis resèt oubyen pwosesis fakti selon pwogram sa a. Nenpòt plent lejitim yon pasyan fè, y ap rapòte l bay Lopital la pou l envestige l epi pousuiv li. Tout ajan dwe konpletman suiv règ IRS yo, règ Resèt Dèt Jis Federal yo, epi règ sou resèt dèt ki nan Lalwa Massachusetts la. Tout ajans pral rapòte nenpòt aksyon resèt yo fè oswa nenpòt lòt aksyon sou kont yon pasyan, san wete desizyon pou sispann efò resèt, e ajans yo ap fè sa atan.

C. Aksyon Resèt ki Estrawòdinè (ECA)

Lopital la gendwa komanse Aksyon Resèt ki Estrawòdinè (Extraordinary Collection Actions, ECA) nan kèk sikonstans pou kont kote yo pa fè peman yo te atann nan apre efò rezonab, jan yo defini sa nan Seksyon X(B).

- 1) Rapòtaj Kredi: Lopital la oswa yon ajans resèt k ap aji pou Lopital la gendwa fè rapòtaj sou dèt ki pa peye bay biwo kredi yo.

XI. LAJAN ANPLIS AK RANBOUSMAN

Jeneralman, Lopital la ap ranbouse pasyan pou nenpòt lajan anplis yo gen sou kont yo, ki gendwa la a paske yo te touche twòp nan men pasyan an. Nan ka kote yo eseye ranbouse yon pasyan ki te fè peman an pèsònèlman, men yo pa rive reyisi fè sa, Lopital la ap remèt lajan anplis la bay Trezòrye Commonwealth of Massachusetts la, ann amoni ak règ eta yo konsènan Byen ki Abandone.

XII. EVÈNMAN GRAV (SERIOUS REPORTABLE EVENTS, SRE)

Lopital la suiv egzijans fakti ki aplikab yo, sa gen ladan l règ Depatman Sante Piblik la yo (105 C.M.R. § 130.332) konsènan kesyon pa peye sèvis presi oswa re-admisyon lopital kote Lopital la detèmine se rezilta yon Evènman Grav Lopital la te lakòz, sa yo rele yon Serious Reportable Event (SRE). SRE ki pa fèt nan Lopital la pa konte lè y ap jije si pasyan an pap peye.

XIII. KONFÒMITE AK LWA SOU TRANSFÈ ASIRANS SANTE AK RESPONSABLITE (HEALTH INSURANCE PORTABILITY AND ACCOUNTABILITY ACT, HIPAA)

Lopital la kenbe enfòmasyon ki nan dosye yo ann amoni ak tout lwa federal ak lwa eta yo konsènan konfidansyalite, sekirite, ak vòl idantite.

XIV. DWA AK RESPONSABLITE PASYAN YO

Lopital la ap fè pasyan yo konnen obligasyon yo genyen pou yo:

- 1) Bay enfòmasyon asirans ak enfòmasyon demografik ki konplè e ki ajou. Fè Lopital la ak MassHealth konnen nenpòt chanjman stati, san wete chanjman nan revni oswa stati asirans, epi suiv donnen dediktib manyèl HSN yo.
- 2) Fè efò rezonab pou konprann limit asirans yo, sa gen ladan l limit rezo yo, limit sèvis asirans lan kouvri yo, epi responsablite finansyè pa yo akoz limit asirans yo, ko-peman, dediktib, ak ko-asirans.
- 3) Pou pasyan ki gen mwayen an, peye sèvis Hallmark Health rann yo, sa gen ladan l ko-peman, dediktib, ak ko-asirans, e se pou yo fè sa atan.
- 4) Konfòme ak règ sou referans asirans, sou otorizasyon davans, epi lòt règ jesyon medikal. Konfòme ak lòt egzijans asirans tankou fin ranpli fòmilè kowòdonasyon byenfè, mete enfòmasyon sou enskripsyon li ajou, mete enfòmasyon sou medsen l lan ajou, konprann sa byenfè yo kouvri, epi lòt ezijans antite k ap peye a fè. Si asirans lan pa kouvri yon sèten sèvis medikal, se pou pasyan an rekonèt sa epi fè aranjman pou l peye l yon lòt fason.
- 5) Pou rezidan Massachusetts, se pou yo chèche asirans pa mwayen Health Connector oswa lòt sous asirans yo, oswa fè demann MassHealth/Commonwealth Care/Pasyan Revni Fèb (si yo kapab kalifye), sa gen ladan l depoze tout dokiman yo egzije.
- 6) Fè Lopital la konnen nenpòt asirans Aksidan Machin (Motor Vehicle Accident), asirans Resposablite Sivil (Third Party Liability) pou yo ka jwenn ranbousman, si disponib, anrapò ak nenpòt aksidan, domaj, oswa pèt, epi se pou pasyan an fè pwogram piblik eta a (pa egzanp, Biwo Medicaid la ak Health Safety Net) konnen, nan yon delè 10 jou, enfòmasyon ki gen rapò ak nenpòt pwosè oswa reklamasyon asirans ki ka kouvri depans sèvis Lopital la ap ba yo. Anplis, yon pasyan oblije bay yon lòt antite dwa pou l kouvri depans pou sèvis Eta a oswa Health Safety Net te peye yo, oswa pou repeye HSN avèk fon yo te resevwa nan men lòt antite a. Si pasyan an pa vonlontèman repeye HSN avèk fon li jwenn nan men lòt antite a, HSN gendwa fè resèt peman sa yo.

XV. PIBLIYE PWOGAM KREDI AK RESÈT LA

Pwogram Kredi ak Resèt Hallmark Health la, Lis Founisè ki Asosye ak Hallmark Health yo, epi Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la, yo tout disponib nan adrès sa a: <https://www.hallmarkhealth.org/Financial-Counseling-and-Billing/Financial-Assistance-Policies.html>.

- 1) Nou gendwa jwenn sit wèb sa a tou pa mwayen paj Hallmark Health la (<https://www.hallmarkhealth.org/>) lè w klike sou Patient/Visitor → Financial Counseling and Billing → Financial Assistance Policies.
- 2) Sit wèb la gen fason yon pasyan ka fè demann asistans Lopital la, sa gen ladan l yon lis kote l ap jwenn Konseye Finans, avèk yon nimewo telefòn santral pou pran yon randevou avèk yon konseye finans. Sit wèb la fè pasyan yo konnen fòmilè yo ak asistans finansyè a gratis.

XVI. APWOBASYON KONSÈY LA

Konsèy Administrasyon Hallmark Health la te apwouve Pwogram Kredi ak Resèt Hallmark Health la jou ki te 27 jiyè 2017.

Apendis A– Andwa Hallmark Health yo, Antite k ap Patisipe

Pwogram asistans finansyè sa a gen rapò ak sèvis yo bay e fè resèt pou yo nan Hallmark Health ki nan andwa sa yo:

1. Melrose-Wakefield Hospital Campus, 585 Lebanon Street, Melrose, MA 02176.
2. Lawrence Memorial Hospital Campus, 170 Governors Avenue, Medford, MA 02155.
 - a. Lawrence Memorial Hospital Urgent Care Center, 170 Governors Avenue, Medford, MA 02155.
3. Hallmark Health System Hematology and Oncology Center, 41 Montvale Avenue, 3yèm, 4yèm, ak 5yèm Etaj, Stoneham, MA 02180.
4. Hallmark Health ki nan 101 Main, 101 Main Street, Medford, MA 02155
 - a. Lawrence Memorial Hospital Rehabilitation Services, Suites 105 ak 106.
 - b. Community Counseling Services, Suites 112.
 - c. Lawrence Memorial Medical Services, Suites 113, 114, ak 116.
 - d. Family Medical Associates, Suites 213, 214, ak 215.
5. Community Counseling Center, Malden Family Health Center, 178 Savin Street, 2yèm Etaj, Malden, MA 02148.
6. Health Image Women's Imaging Center, 830 Main Street, 3yèm Etaj, Melrose, MA 02176.
7. Chem Center for Radiation Oncology & MRI, 48 Montvale Avenue, Stoneham, MA 02180.
8. Hallmark Health Outpatient Diagnostic Testing and Rehabilitation Center, 30 Newcrossing Road, Reading, MA 01867.
 - a. Reading Urgent Care Center, 30 Newcrossing Road, Reading, MA 01867.
9. Melrose-Wakefield Hospital Rehabilitation Services, 22 Corey Street, Melrose, MA 02176.

Apendis B: Hallmark Health Lis Founisè Asosye ak Hallmark Health, Antite ki Pap Patisipe

Chak founisè oswa gwoup founisè ki nan lis sa a bay sèvis nan yon lopital, men, depans yo ak tarif yo pa fè pati Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la ("FAP"). FAP Hallmark Health la pa gen ladan l sèvis antite suivan sa yo bay e fè resèt pou yo, byenke yo asosye avèk Hallmark Health:

1. Hallmark Health's Physicians Organization, Hallmark Health Medical Associates.
2. Hallmark Pathology, P.C.
3. Hallmark Imaging Associates, P.C.
4. Men depatman kote gendwa se yon founisè ki pa fè pati pwogram FAP la ki sèvi yon pasyan: Sèvis kè (Cardiology), Sèvis Glann ak Òmòn (Endocrine), Sèvis Vant ak Entesten (Gastroenterology), Sèvis Radyografi/San/Timè (Radiology/Hematology/Oncology), Maladi kantajèz (Infectious Disease), Medsin Entèyè (Internal Medicine), Swen Obstetrisyen ak Jinekòlòg (OB- GYN Care), Sèvis Ren (Nephrology), Sèvis Pye (Podiatry), Sèvis Poumon (Pulmonary), Sèvis Atrit ak Mis (Rheumatology), Medsin pou dòmi (Sleep Medicine), Chiriji (Surgery), Sèvis Irinè (Urology), Swen Plè (Wound Care).
5. Melrose-Wakefield Emergency Physicians, Inc.
 - a. Medsen ki nan Depatman Emèjènsi (Hallmark Health Emergency Departments) ki nan Lawrence Memorial Hospital ki 170 Governors Avenue, Medford, MA 02155 epi Melrose-Wakefield Hospital ki 585 Lebanon Street, Melrose, MA 02176.
 - b. Medsen ki nan Hallmark Health System Urgent Care Center yo ki 170 Governors Avenue, Medford, MA 02155 epi 30 New Crossing Road, Reading, MA 01867.
6. Hospital Medicine Associates (Team Health).
 - a. Medsen Hallmark Health ki pou pasyan ki etène yo ki nan Lawrence Memorial Hospital ki 170 Governors Avenue, Medford, MA 02155 epi Melrose-Wakefield Hospital ki 585 Lebanon Street, Melrose, MA 02176.
7. Metropolitan Anesthesia.
8. Mystic Cardiology Associates, Inc., san wete Dr. Conway, Dr. Pladziewicz, ak Dr. Samenuk.
9. Mystic Medical Group, san wete Dr. Weinstein.
10. UMS New England Lithotripsy.
11. Middlesex Cardiology Associates, Inc.
12. Tufts Medical Center Physicians Organization, Inc. (f/k/a New England Health Care Foundation, Inc.)
13. Eliot.
14. Pediatrix.
15. Regional Home Care.

Nou ankouraje tout medsen ak òganizasyon medsen ki asosye ak Hallmark Health, menm sa ki nan lis pi wo a, pou yo travay ann amoni ak pwogram asistans finansyè Hallmark Health la, men nou pa egzije yo sa.

APENDIS C – Pasyan Hallmark Health ki Pwoteje kont Aksyon Resèt¹

Yo pa dwe fè aksyon resèt kont pasyan suivan sa yo pou sèvis ki medikalman nesèsè nan Lopital la, nan mezi yo esplike sa pi ba a. Aksyon resèt gen ladan yo nenpòt aktivite kote Lopital la oswa yon ajan Lopital la mande peman nan men pasyan an pou sèvis yo te ba li, oswa mande l nan men moun ki bay garanti pou li a, oswa nan men yon lòt antite ki responsab peman an. Aktivite konsa ka gen ladan yo depo anvan yo admi pasyan an oswa anvan yo trete l, fakti, lèt yo bay apre pou yo fè resèt, kontak nan telefòn, kontak pèsònèl, epi aktivite ajans resèt ak avoka.

Pwogram Massachusetts	Règ Jeneral	Eksepsyon
Pasyan MassHealth	Lopital la pa ka faktire toutotan pasyan an kapab pwouve l ap patisipe nan pwogram nan.	<ul style="list-style-type: none"> a. Gendwa faktire pou ko-peman ak dediktib. b. Gendwa faktire pasyan ki pa ka pwouve y ap patisipe.
Èd Emèjènsi pou Granmoun, Enfim, ak Timoun (Emergency Aid to the Elderly, Disabled and Children, EAEDC)		
Pasyan Plan Sekirite Medikal pou Timoun (Children’s Medical Security Plan, CMSP) ki gen yon revni MAGI ki egal ak oswa mwens pase 300% FPL a.		
Pasyan Pwogram Derape an Sante (Healthy Start Program)		
Pasyan Difikilte Medikal (Medical Hardship)	Lopital la pa ka faktire pasyan an pou pati nan fakti a ki depase pati Difikilte Medikal la. Sa gen ladan l pasyan ki vin pa kalifye pou peman Difikilte Medikal ankò nan men HSN epi yo gen yon reklamasyon Move Dèt Emèjènsi ki ann atant.	
Pasyan Revni Fèb (Low Income)		
Tout Pasyan Revni Fèb	Lopital la pa ka faktire yon pasyon pou sèvis sante ki pa ranbousab pasyan an te dakò pou l responsab yo, si: (i) reklamasyon pou sèvis medikal ki pa ranbousab la gen rapò ak yon fot medikal, oswa (ii) asirans prensipal pasyan an te rejte reklamasyon an poutèt yon fot administratif oswa yon fot fakti.	<ul style="list-style-type: none"> a. Gendwa faktire pasyan an pou sèvis sante ki pa ranbousab si pasyan an te dakò pou l responsab yo. b. Si pasyan an mande sa, Lopital la gendwa faktire pasyan an, sa ki pral pèmèt pasyan an rive nan dediktib yon fwa a ki asosye avèk pwogram CommonHealth la.

<p>Tout Pasyan Revni Fèb Sof Pasyan Revni Fèb ki Sèvis Dantè Sèlman</p>	<p>Lopital la pa ka faktire sèvis sante ki ranbousab si Lopital la ap resewa peman pou yo nan men HSN.</p>	<ul style="list-style-type: none"> a. Gendwa faktire ko-peman ak dediktib. b. Gendwa faktire sèvis ki kalifye Lopital la te rann anvan Eta a te detèmine pasyan an se yon Pasyan Revni Fèb, oswa apre stati yo antanke Pasyan Revni Fèb la te ekspire oswa yo te revoke l.
<p>Pasyan Revni Fèb ki gen Revni MassHealth MAGI oswa Revni Kontab Fanmi Difikilte Medikal ki ant 150.1% ak 300% FPL la</p>	<p>Lopital la pa gen dwa faktire pasyan an pou pati nan fakti a ki depase dediktib la.</p>	<ul style="list-style-type: none"> a. Gendwa faktire pou ko-peman famasi yo. b. Gendwa faktire dediktib HSN Pasyèl la. c. Gendwa faktire sèvis ki kalifye Lopital la te rann anvan Eta a te detèmine pasyan an se yon Pasyan Revni Fèb oswa apre stati yo antanke Pasyan Revni Fèb la te ekspire oswa yo te revoke l.

¹ Gade règ Massachusetts Health Safety Net yo ki nan 101 C.M.R. § 613.08(3).



HHS-382

Moun Nou Adrese a

--	--	--	--

Tanpri, fè chèk yo peyab epi remèt yo bay:



MONTAN DWE:

Tanpri, ranpli pati ki apwopriye yo epi voye l tounen nan anvlop ki te ansanm avè l la, osito w kapab.

Chanjman Adrès			
Non (Siyati, Non, Premye Lèt Demzyèm Non)			
Adrès			
Vil	Eta	ZIP	
Telefòn			

Mizajou Asirans Prensipal			
Non Moun ki Sou Asirans Prensipal la			
Non Asirans Prensipal		Dat li Komanse	
Adrès Asirans Prensipal			
Vil	Eta	ZIP	Telefòn
Non Anplwayè		Nimewo Gwoup	
Nimewo Idantite (Subscriber ID #)		Dat Nesans Moun ki gen Asirans lan	

Si w ap Peye ak Kat de Kredi, Ranpli Pi Ba a	
KAT DE KREDI W AP UTILIZE POU PEYE	<input type="checkbox"/> MasterCard <input type="checkbox"/> VISA <input type="checkbox"/> DISC. VER. <input type="checkbox"/> AMERICAN EXPRESS
NIMEWO KAT LA	DAT EKSPIRASYON
SIYATI (PARAF)	MONTAN PEYE
EKRI NON AN AK LÈT DETACHE	

Mizajou Asirans Segondè			
Non Moun ki Sou Asirans Segondè a			
Non Asirans Segondè		Dat li Komanse	
Adrès Asirans Segondè			
Vil	Eta	ZIP	Telefòn
Non Anplwayè		Nimewo Gwoup	
Nimewo Idantite (Subscriber ID #)		Dat Nesans Moun ki gen Asirans lan	

Esplikasyon Fakti a

Fakti sa a se yon rezime lajan w dwe sou kont ou an, ki se responsablite pa w kounye a. Montan an se sèlman pou sèvis Hallmark Health System te rann ou yo.

Kontakte Nou:

Se sèlman sèvis yo te rann pasyan an ki responsablite pasyan an ki sou fakti sa a. Si w pa kapab peye tout montan an kounye a, tanpri, kontakte biwo nou an pou pale sou diferan aranjman peman yo.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri, rele Depatman Sèvis Finansyè a nan 781-338-7000. Orè biwo a se Lendi a Vandredi, 8:00AM a 4:00PM. Si w chwazi kontakte nou pa lapost, tanpri, mete non pasyan an, nimewo kont lan, dat sèvis la, avèk yon deskripsyon sa w ap mande a; voye l bay adrès sa a:

Hallmark Health System
 Attn: Patient Accounts
 170 Governors Ave
 Medford MA 02155

Avi Konsènan Disponibilite Asistans Finansyè:

Lopital la bay asistans finansyè pou sèvis ki nesèsè pou rezon medikal pou rezidan Etazini ki pa gen mwayen pou yo peye yo menm, sou baz Nivo Povrètè Federal (Federal Poverty Guideline) ki pi ba a.

Asistans Finansyè pou Pasyan Revni Fèb apati ane 2017

Pou Enfòmasyon sou Asistans Finansyè pou Hallmark Health System, Tanpri, rele: 781-338-7000	Kantite Moun nan Fanmi an	Asistans Konplè jiska nivo revni sa yo	Asistans Pasyèl jiska nivo revni sa yo
	1	\$17,820.00	\$35,640.00
	2	\$24,030.00	\$48,060.00
	3	\$30,240.00	\$60,480.00
	4	\$36,450.00	\$72,900.00

Lòt kalite asistans gendwa disponib pa mwayen diferan pwogram asistans piblik yo, nan ka kote gen plis bezwen finansyè oswa difikilte medikal.

TANPRI, KONTAKTE NOU SI W TA RENMEN PLIS ENFÒMASYON.